ISSN 2010-720X

# ILIM HÁM JÁMIYET

Bul dúnyanıń kórki adam balası
Ájiniyaz

Ájiniyaz atındaǵı
NÓKIS MÁMLEKETLIK
PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ
NMPI
1934



# FAN VA JAMIYAT

2019 (№2)

## Ádebiyattanıw

# ҲӘЗИРГИ ПОВЕСТЬЛЕРДЕ МИЛЛИЙЛИГИМИЗ ТЫМСАЛЫ МУҲАДДЕС ИНСАНЛАР КЕЛБЕТИ
**(Ш.Уснатдинов повестьлери мысалында)**

**К.Алламбергенов –** *филология илимлериниң докторы, профессор*
**З.Б.Сагидуллаева –** *еркин излениўши*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** публицистика, бадиий адабиёт, публицистик наср, ҳозирги повестлар, қорақалпоқ повестлари ривожланиши тенденциялари, Ш.Уснатдиновнинг повестлари: «Кимга кеч, кимга тонг сахар», «Сўнгги овчи».

**Ключевые слова:** публицистика, художественная литература, публицистическая проза, современные повести, основные тенденции развитие каракалпакских повестей, повести Ш.Уснатдинова: «Кимге кеш, кимге таң сәҳәр», «Соңғы аңшы».

**Key words:** publicistics, artistic literature, publicistic prose, modern main stories, direction in the development of Karakalpak stories, stories by Sh.Usnatdinov «Whom it's late, whom it's a dawn», «The last hunter».

Ғәрезсизлигимиздиң соңғы он жыллығындағы қарақалпақ повестьлериндеги қаҳарман образының жасалыўы арқалы идеялық-тематикалық жақтан жаңаланыў епкини XXI әсир басындағы әдебиятымызда жазыўшы сыпатында таныла баслаған, ҳәзирги дәўирде Қарақалпақстан халық жазыўшысы болып жетилискен Шарап Уснатдиновтың усы жыллар аралығында дөреген повестьлеринде айқын көзге тасланып турады.

Ш.Уснатдинов (1942) XX әсирдиң 70-жылларында Қарақалпақ журналистикасы аспанында бирден шақмақтай шағылып, тез ўақыттың ишинде сол әлемниң төриндеги ең жарық жулдызлардың бирине айланған болса, жаңа XXI әсир басында Қарақалпақ прозасына да жоқарыда айтылған жасындай тезликте кирип келип, бары-жоғы бир он жыллықтың ишинде -ақ «Кимге кеш, кимге таң сәҳәр» (2002), «Көргенлерим ҳәм кеўилдегилерим» (2009), «Биринши қарақалпақ балетмейстери» (2011), «Ибрайым Юсупов» (биринши китап, 2013; екинши китап, 2017), «Соңғы аңшы» (2014) сыяқлы бир нешше көркем публицистикалық, повесть ҳәм гүрриңлер, эссе-романлар, ҳүжжетли повестьлер топламын баспадан шығарып ,усы шығармалары менен жазыўшы сыпатында китап оқыўшыларымыз кеўлинен терең орын алып, журтшылыққа кеңнен танылды. Соның арасында өзиниң тийкарғы кәсибине журналистликтен де бир адым шетлемей, бир нешше онлаған проблемалық көркем публицистикалар, мақала, сәўбет ҳәм эссе очерклер жазып, қатарына «Журналистикаға кириспе», (2009), «Исбилерменликке мирәтнама» (2010), «Мәнәўият сабақлары» (2010) сыяқлы қолланбалық китаплар шығарып, бул тараўда да кәсиплеслериниң орны гиреўли отағасы ҳәм кәрўан басысы болып киятыр.

Бизиң бул келтирилген мағлыўматлардан келип шыға отырып, дәслепки сөз басы сыпатында айтар пикиримиз, Шарап Уснатдинов, биринши гезекте Аллаталаның өзиниң сүйикли бенделерин сийрек ҳалда беретуғын пешенаға жазылған тәғдири-көп қырлы, бир сырлы илоҳий талант ийеси, бүгинги илим термини менен анығырақ етип айтатуғын болсақ, ҳәр тәреплеме жетилискен ҳаммеге эталон боларлық кәмил инсан болып табылады. Бул сыпатлар, биринширен, оның ҳадаллық, ар-намыслылық, кең пейиллик, ақылпарасатлылық, мийнеткешлик, Ўатанға, миллетке, халыққа, ата-анаға, туўған -туўысқанларға, досларға муҳаббатқа сүйиспеншилик ҳәм садықлық қусаған ең жақсы адамгершик пазыйлетлерди өз ишине алған жәмийетлик турмыстағы азаматлық позициясының анықлығы ҳәм турақлылығында көзге тасланса, екиншиден, журналистлик,жазыўшылық, фольклорға сүйиспеншилик, ораторлық сыяқлы көп қырлы сыпатларға ийе синтезлескен синкретик әдебий-көркем таланты ҳәм үшиншиден, жәмийеттиң, заманның раўажланыў бағдарларын тез аңлап, оған ўақтында үн қосыў менен бирге орынлы баҳа да берип билетуғын сиясий сезгирлик, алысты көре алыўшылық усаған жәмийетлик искерликлериниң әмелиятқа анық ендирилиў мысалларынан да ҳәр тәреплеме айқын көзге тасланады. Улыўма, бул сыпатларды сөз шебериниң өз пикири менен жыйнақлырақ қылып айтатуғын болсақ, ол әдебияттан да, искусстводан да, актёрлықтан да, режисёрлықтан да, жазыўшылықтан да, журналистликтен де, гуманитар жәмийетлик пәнлерден де, ҳәттеки кибернетикадан да хабары бар саўаты көп қырлы ҳәзирги заман адамы.

Ш.Уснатдиновтың жоқарыда биз атап өткен мийнетлерин қунт пенен үйренип оқып шыққан ҳәр бир зейни илгер оқыўшы жазыўшы дөретиўшилигиниң миллий-руўхый, көркем-эстетикалық дереклерине, оған берилген бул сыпатламалардың дурыслығына ҳәм жақын жылларда Ш.Уснатдиновтың бир мәжилисте У.Хошимовтан силтеме ислеп, «жазыўшы инсан сыпатында турмыста қандай болған болса, дөретиўшилик мийнети де сондай болады» деп айтқан гәпиниң, яғный әдебият теориясындағы «сөз шебериниң өмири, қаншелли ўақыяларға бай болса, онда оның дөретиўшилиги де соншелли мазмунлы, көркем болады» деген пикирдиң дурыслығына және бир мәртебе исеним ҳасыл қылары сөзсиз.

Әлбетте, бул пикирлердиң дурыслығын биринши гезекте Ш.Уснатдиновтың өмир жолы мағлыўматлары менен ғәрезсизликтиң екинши он жыллығынан баслап жарық көре баслаған прозалық дөретпелериниң өзи-ақ дәлиллип турады.

Усы көзқарастан, жазыўшы өмир баянына нәзер жуўыртатуғын болсақ, Ш.Уснатдинов 1942-жылдың 27-мартында Кегейли районының «бир жағы - көл, бир жағы - шөл» бай тәбиятлы, алтын тоғайлар мәканы Шортанбай елатында дүньяға келип, тәғдир тақазасы менен мектепке шекемги балалық дәўирди көп тарийхый ўақыялар гүўасы Қанлы көл районындағы «Дөңгелек көл» әтирапында өткерген, дәслепки тәлимди Хожелиниң ҳәзирги «Қарақалпақстан» ширкет хожалығында жайласқан баслаўыш мектептен алған, өспиримлик, бала жигитлик дәўирин Шоманай районы аймақларында өткерген, соң 1958-жылы усы райондағы орта мектепти питкергеннен кейин Тақыятас қаласындағы еки жыллық кәсипөнер билим журтының гербиш өриўшилер бөлимине кирип оқыған каракеңниң қарапайым баласы, өмир жолында қандай қыйыншылықлар гезлессе де, урыстан кейинги қыйын заман, қыйын шараятлар болыўына қарамастан, илим-ҳикметке деген қызығыўшылығын тәғдир самалларының епкинине ушырып жибермей, билимин және де жетилистириў ушын 60-жыллардың басында Ташкент қаласына жол алады. Бул жердеги Ташкент мәмлекетлик университети журналистика факультетинде «қақтың суўын аңсап келген кийиктей» (И.Юсупов) қунт пенен оқып, жоқары билим алған ол 1965-жылы Нөкиске келип, жаслар газетасында дәслепки журналистлик хызметин баслайды.

Бундай өмирбаянлық дереклер журналист, яки жазыўшы емес әпиўайы адамның өмирбаянында да гезлесе бериў мүмкин. Биз тек бул орында илим-билимге, журналистикаға, көркем әдебият пенен көркем өнерге болған қызығыўшылығының дәслепки дәреги – оның өскен орталығы, ана журты, оның аң-қуслар дүньясына бай тәбияты, толып атырған тарийхый ўақыялар, шежирелер, миллий үрип-әдет, дәстүрлердиң алтын сандығы болған аўыллары менен илим-билим, мәденият, цивилизация ошақлары болған ири-ири гәўжим қалалары болды, деген түсиникти ғана аңлатпақшымыз.

Деген менен, Ш.Уснатдиновтың өмир жолындағы мына эволюциялық өсиўшилик ҳаққында айрықша айтып өтетуғын болсақ, 60-жыллардың ортасында кәсиплик хызмет жолын жаңа баслаған жас журналист он жылға жетер-жетпестен-ақ сол өзи ислеген газетаның бас редакторы (1974-76-ж.ж.), арада еки жыл өткен соң (1976-78-ж.ж.) «Еркин Қарақалпақстан» газетасының бас редакторы болып ислегеннен соң Қарақалпақстан мәмлекетлик телерадио комитети баслығының телевидение бойынша орынбасары (1978-1983-ж.ж.), 1983-1985-жылларда және «Еркин Қарақалпақстан» газетасы бас редакторы орынбасары, ал 1984-1988-жылларда болса Бердақ атындағы мәмлекетлик көркем-өнер театры менен «Қарақалпақстан» баспасының директоры, ал 1988-жыл ҳәм 1990-1992-жылларда болса «Еркин Қарақалпақстан» газетасының және бас редакторы болыўы кимди де таң қалдырмай қоймайды.

Бул оның тек журналистика, баспа сөз, көркем-өнер, театр тараўларындағы журналистлик-дөретиўшилик, администраторлық, шөлкемлестириўшилик хызметлери ғана. Сырттан қарағанда адамға бул хызмет бабы биографиялық фактлер космослық тезликтеги өсиўшиликтей болып сезилген менен, аңлы адам бул өсиўшиликтиң өз-өзинен келип шықпағанлығын, студентлик жыллардағы көз майын тамызып оқыған тынымсыз излениўлердиң, журналистлик кәсиптиң

қамбасында табанда турып, он жыллап зәбердеслик пенен ылай атыўлардың жемиси екенлигин биледи.

Егер, орта дәрмиянлаў адам болғанда, халқым ушын досларым қуўанғандай, балаларыма үлги болғандай хызмет етиппиз ғой, деп бул табысларына-ақ қанаатланып, усы абыройы менен еплеп-сеплеп пенсияға шығып алған болар еди. Ш.Уснатдинов шаршаўды, тоқтап қалыўды қыялына да келтирмеди. Халқы, халықты басқарған жоқары басшылық оны қайсы орынға керек деп тапса, қайсы иске жумсаса, бар талантын, билимин, күш-жигерин аянбай жумсап, көпшиликтиң исенимин ақлаўға ҳәрекет етти. Ол өткен әсирдиң 80-жылларының екинши ярымынан баслап Республикамызда жәмийетлик искер сыпатында да таныла баслады. Мысалы, ол 1988-90-жыллары Областьлық партия комитетиниң идеологиялық жумыслары бойынша хаткери лаўазымында ислесе, 1992-жылы пайтахтымыз Нөкис қаласының ҳәкими болып сайланды. Ол буннан кейин де Өзбекстан Республикасы Мәдeният ислери бойынша министриниң орынбасары (1994-95-ж.ж), Қарақалпақстан коммуналлық хызмет көрсетиў министри (1995-2002-ж.ж.), «Коммуналлық ыссылық орайы» баслығы (2002-2007-ж.ж.), Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының Баспа сөз хаткери (2002-2007-ж.ж.), үлкен лаўазымларды узақ жыллар даўамында минсиз атқарды.

Ш.Уснатдинов өзин жәмийетлик искер сыпатында таныткан бул лаўазымларға да усы журналистик кәсиби арқалы еристи. Оның өз сөзи менен айтқанда, жаслық жылларында үлкен басшыларға унатып баянатлар жазыў, сиясий ўақыяларға дәрҳал өзиншеликлерге ийе пикирлер айтыў, минберлерде жасқаламай туўры сөйлеў усаған нәрселерге де усы кәсип шынықтырды.

Ш.Уснатдиновтың 2009-жылдан берли атқарып атырған Қарақалпақстан Республикасы Руўхый үгит-нәсият орайы басшысы, Өзбекстан Республикасы «Нураный» қоры Қарақалпақстан бөлими баслығы лаўазымлары да оның усы хызметлериниң жемиси болса керек деп ойлаймыз. Себеби, руўхыйлық түсиниги бүгинги күни илим-билим, әдебият ҳәм көркем-өнер, мәдeният, театр, баспа сөз, газета-журнал, радио-телевидение дегендей барлық идеологиялық тараўларды өз ишине алатуғын болса, Ш.Уснатдинов усылардың барлығының да қазанында қайнап пискен, өмири өзгелерге өрнек боларлық инсан болып табылады.

Улыўма, оның дөретиўшилигиниң бирден бир турмыслық тийкары болған өмир жолына усы көз-қарастан, бир достының тилинде баҳа беретуғын болсақ, белгили журналист ҳәм жазыўшы Ш.Уснатдинов «өмирден өз меридианын тапқан, қарапайым қаракеңнин жер төлесинде дүньяға келип, еки районның соқпағының тикенин жалаңаяқ табанына жайғастырып, кембағалшылық деген найсаптың атаўызында қысылып, бәҳәрде асфальтты жарып шығатуғын гүлдей өсип шығып кәмалға келген, жер төледен «обком» деп аталатуғын уллы шаңарақтың төрине шыққан» инсан болып табылады.

Ш.Уснатдиновтың көркем әдебияттағы өсиў жолы эволюциясына да усындай образлы теңеўлер берсе болады. Ҳақыйқатында да, әжайып жәмийетлик искер, шебер журналист-жазыўшы Ш.Уснатдиновтың талантының гүлленген паслындағы баслы сыпатлы белгилер - булар биринши гезекте, әлбетте, оның барлық көркем публистикалары менен эссе-повестьлеринде заман ағымы менен суўғарылған актуаллық, өз ўақтының ең әҳмийетли машқалаларын биринширлерден болып ортаға қоя билиў, миллий ғәрезсизлик идеялары менен терең суўғарылғанлық, жарқын оптимистлик пикирлерди алға сүриўшилик, усы тийкардағы халықлық, даналық ой пикирлерге тийкарланған миллий колаританиниң басымлығы, тема таңлаў ҳәм публицистикалық дөретпелерге ат қойыўдағы ҳәм онда турмыслық, социал-жәмийетлик фактлерди сөйлетиўдеги айтарлықтай шеберлик ҳәм тағы басқалар оның шәкиртлери менен қатар қәлемлеслериниң қайсы бириниң де дыққатын өзине қаратпай қоймайды. Соның ушын да талантлы журналистлердиң бири С.Жәниев өзиниң устазына арналған бар мақаласында «Шарап ағаның тема қойыў шеберлигине деталлардан, цифр ҳәм басқа да фактлерден, образлы сөзлерден пайдаланыў, қаҳарманларды сөйлетиў уқыбына ҳайран қалған пайытларым көп болған» [1]. Бул айтылғанларға толық қосылыўға болады. Өйткени, Ш.Уснатдиновтың «Дәрья ақпай қалмас аққан жеринен» деген көркем публицистикасына нәзер аўдарсақ, мине, усы мақаладағы, теманың өзинде де қаншелли дәрежедеги актуал пикирлеў менен қоса халықты оптимизмге шарықлаў идеялары жарқын сәўлеленген?!

Биз де усы сыяқлы ой-пикирлеримизди оның шығармалары-публицистикасынан алынған толып атырған фактлер, мысаллар менен дәлиллеп отырыўдың мол мүмкиншиликлери бар. Әттең, шағын портретке ислеген штрихлар көлеми тарлық ететуғынлығы сөзсиз.

Усы жерде жоқарыдағы пикирлерге қосымша айтып өтетуғын бир нәрсе сол – Ш.Уснатдиновтың прозалық шығармаларына тема таңлаўынан-ақ журналисттиң жазыўшы тақлеттеги талант екенлиги бирден-ақ сезиледи. Ол жоқарыдағыдай өмирдиң толып-тасқан мәўритлерин бастан кеширгенликтен де турмысты, түрли-түрли қәнигеликтеги инсанлар - әдебий қаҳарманлардың өмир тиришиликлерин, улыўма турмыс шынлығын терең биледи, билгенде де оларды шын жүреги менен сезинип, жазыўшылық ҳәм журналистлик көзи менен көре алады. Соның ушын да, бәлким, ол биз сөз етейин деп атырған жазыўшылық талантын да сынап көрип, бир қанша гүрриңлер жазып, эссе-повестлери менен де халық ой-пикирин билмекши болған шығар. Бизиң бул бағдардағы пикирлеримизди, әсиресе, оның «Кимге кеш, кимге таң сәҳәр» (2002) деп аталған повесть, гүрриңлер ҳәм эссе, мақалалар, публицистикалық дөретпелер топламы айқын дәлиллейди. Китаптағы автордың көркем ойлаўы, публицистикалық пикирлеў өткирлигиниң өзи оған тема қойыўынан-ақ айқын аңланады. Усылайынша атама-тема таңлаўда журналист талантындағы жазыўшы тилиндеги көркем ойлаў қәбилетлилиги, философиялық пикирлеў өзгешеликлери бирден-ақ көзге тасланады. Китаптың атының өзи оқыўшыларға үлкен ой таслап, ол өз жумбақлары ҳәм толғаныслы сораўлары менен китапқумарлардың, дыққатын тез жаўлап алады. Китаптағы көпшилик шығармалар мазмунынан автордың бул топламда айтажақ болған тийкарғы идеясы - көп әсирлерден берли арзыған күткен ғәрезсизликтиң үлкен әўладқа түс көргендей кешлеў келгенлигин, ал, жаслар ушын бул үлкен бахыт, таң сәҳәр екенлигин көрсетиў нийети толық аңласылады.

Әлбетте, Ш.Уснатдиновтың талантының ең баслы қырыбул оның прозасының журналистлик, публицистлик руўхының басымлығында көринеди.

Булай дегенимиз Ш.Уснатдиновтың өзи «Кимге кеш, кимге таң сәҳәр» деген китабының алғы сөзинде оқыўшыларға қарата усы мазмундағы мынандай пикир билдиреди: «Өмирде таңлаған кәсибим-журналистиканың нызамлылықлары менен этикалық өлшемлерине садық бола отырып, оның жоқарғы текшелерине қарай талпынып жасағанлықтан ба, қандай сөз жазсам, яки минберге шығып сөйлесем де публицистикалық пафостан шыға алмай, оның жетегинде кететуғын мәўритлерим көп болады. Буны ҳәттеки китаптың бет ашары болған повесть ҳәм гүрриңлеримде де көриў мүмкин. «Кимге кеш, кимге таң сәҳәр» повестимди ҳәзирги талантлы жигитлер болған еки-үш прозаикке оқып, пикир айтыўға бергенимде, олардың биреўи өзиниң рецензиясын: «Публицистикалық повестиңиз бенен кутлықлайман» деп жазыпты».

Ҳақыйқатында, бул жүдә дурыс айтылған пикир ҳәм орынлы мойынланған ҳалат деп есаплаўға туўра келеди. Соның менен бирге, жазыўшының белгили журналист ҳәм жазыўшы Өсербай Хожаниязов ҳаққында айтқан пикирлери де тап өз дөретиўшилигине берилген баҳа сыяқлы: Ҳақыйқатында да, Ш.Уснатдинов Ө.Хожаниязов сыяқлы Қарақалпақстан журналистикасының очерк ҳәм аналитик мақалалар жанрын раўажландырыўға айрықша үлес қосты.

Бул дөретпелер, әлбетте, көркем публицистикалық сыпатларға ийе болыўы менен бирге, өзиниң образлылық, астарлап, тымсаллап сүўретлеў усаған көркемлик қәсийетлери менен көркем прозалық дөретпелерди де аңлатып турады. Атап айтсақ, оның көркем-публицистикалық руўхта жазылған «Полат Мадреймов – биринши қарақалпақ балетмейстри», «Азат Бердишев феномени», «Кимге кеш, кимге таң сәҳәр» повесть ҳәм эсселери бүгинги көркем публицистика туўындылары ғана емес, ал қарақалпақ дөретиўши зыялылары менен аўыл хожалығында инновациялық идеялар ендириўши заманласларымыз образын көркем полотнада дөреткен прозалық дөретпелер де болып табылады.

Ш.Уснатдинов көркем прозаға, мине, усындай мол турмыслық ҳәм журналистлик тәжирийбелерди шебер меңгерген жазыўшы сыпатында кирип келди.

Автордың «Кимге кеш, кимге таң сәҳәр…» повестиниң [2] сүўретлеў усыллары усы пикиримиздиң айқын дәлийли сыпатында көзге тасланады. Шығарма автордың және бир ҳүжжетли көркем дөретпеси болған «Полат Мәдреймов – биринши қарақалпақ балетмейстри» деген эсселик повесть-эссеси менен үнлес, сабақлас түрдеги стильде жазылғаны

айқын. Жазыўшы-журналист балетмейстрге арналған китабын бастан ақырына бай ҳүжжетлер тийкарына қурып, қаҳарманларды да сол турысына өзгертпестен, оларға әдебий публицистикалық бояўлар жағып, жанландырып, усы бағытта көркем прозалық сюжет ҳәм композиция дүзген болса, ал «Кимге кеш, кимге таң сәҳәр…» повестинде де сюжетлерди тийкарынан ҳүжжетли материалларға қурғаны, олардың қаҳарманлары образы көркем материалларын да ҳақыйқат турмыстан, ҳәттеки өзине жақын дос яранларының өмиринен алғанлығы сезилип турады. Бирақ, автор олардың атларын өзгертип, бәлким, өзи көзи көрген сюжетлик ўақыяларды қыялында бираз бөрттирип, сюжет ҳәм композицияны жанландырып бергени, бирақ, бәрибир шығармада публицистика менен очеркизмниң элементлери менен мотивлериниң толық сақланғанлығы аттың қасқасындай аян болып тур. «Повесть» деп аталған бул шығарманың сюжет ҳәм композиция қурыў принциплери оған руўхлас, сабақлас болған «Полат Мэреймо» туўралы эссе-повестиниң принциплерине жүдә уқсас, ҳәттеки бирдей деп есаплаўға болады. Шығарманың барлық материаллары автордың өзи ойнап өскен Шоманай елаты – Мырзамурат баслықтың аўылынан алынғанлығы онда нақ түрде сақланған ҳәм анық айтылған. Повестьтиң қаҳарманы да сол аўылдан шыққан Асан атлы инженер гидротехник жигит болып, ол әзелден бир сөзли, оқыўға билимге, өзинше ойлаўға қуштар болып өскен инсанлардың бири. Шығарма усы кисиниң алпысқа шығардағы бас редактордың тапсырмасы менен келген журналист жигит пенен ушырасыўларындағы әпиўайы, қарапайым гүрриң-әңгимелеринен, оған журналист жигиттиң өмирбаянның қысқа баянлап бериўдеги өтинишлеринен басланады.

Бул эпизодларда жазыўшы-журналист көркем әмелиятта – прозада бурыннан бар болған сюжет қурыў принципи – субъектив психологиялық, аналитикалық усылды тийкарғы басшылыққа алып, негизги әдебий қаҳарман Асанның еске түсириўлери, көз алдына келтириўлери менен ишки монологларын сюжет ҳәм композиция қурыўда басшылыққа алып, сол тийкарда монологлик шегинислерди көплеп пайдаланады. Тийкарынан алғанда усындай әдебий қаҳарманның ишки монологларынан көплеп пайдаланыў, оның еске түсириў, көз алдына келтириўлерин субъективлик психологиялық принцип ретинде сюжетлик композициялық өзекте негизги факторға айландырыў көплеген шығармалардың даңқын шығарыўға, олардың әдебий қаҳарманларының ишки руўхый дүньясын көркем психологизм принципинде ашыўға алып келген. Булар туўралы, яғный ядқа түсириў, елеслетиў, ишки монологлық усыллардың, көркем психологизмдеги әҳмийети ҳаққында бир қанша халықлар әдебиятшылары өзлериниң ой-пикирлерин ортаға салып, жазыўшылар шеберлиги сырларын ашыўға жол тапқан.

Мине, усындай тийкарларда да Ш.Уснатдиновтың повестинде автордың Асанның ишки монологларына шығармадан жийи орын бериўи әдебий қаҳарманның ишки руўхый әлемин ашыўды тереңлестиреди, «публицистикаға» айрықша жан берип, оған түрлише турмыслық, социаль психологиялық бояўлар сүртип сүўретлеўлерге имканият жаратады. Автордың «повесть» деп аталған бул шығармасындағы Асанның ишки монологлары оның руўхый диалектикасын, оның драматизмин бериўде, сюжет ҳәм композицияны алға илгерилетиўи де бағдарлаўшы көркем поэтикалық күшке айланған, сюжеттиң қурғақ ҳәм зериктирерли, схематикалық жолларынан бираз орынларда орынлы сақландырған. Мине, усы ишки монологларға қосымша қолланылған диалог, пейзаж, детальлар таўып, олардың автор тәрепинен тийисли орынларда ислетилиўи шығарманың оқыўшылар ушын көбирек таныс сюжетлерге қурылса да, ал оны жалығарлы, қурғақ тайын сүўретлеўлерден сақландырып, публицистти жазыўшылық шеберликке қарай баслаған.

«Асан орнынан әсте турды да, үйден шығып кетти. Сол кетистен туўры кеңсесине барды да, Гулбазарға қоңыраў етти:

- Мен саған үш күн мәулет беремен. Үйден керек нәрселериниң бәрин алып кет. Есикти қулпырып кет, өзимде гилт бар…» [2:81].

Бул повестьтеги баслы унамлы қаҳарман есапланған Асанның сүйикли келиншегине айтқан сөзлери. Буған ҳайран қалмай, жазыўшы жаратқан қаҳарман характериниң өсиў эволюциясына сер салып, китап оқыўшылары қатары ҳәммемиз де Гүлбазардың Асанға бурынырақта айтқан мынадай гәплерин ҳәм басқа да ерси қылўаларын ядымызға түсиргенимиз мақул:

-Дым таппасаң, гидротехникумның студентлерине диплом жазып берип, пул тап…

Асан оған жалт қарады.

- Ондай талаптың бар екенлигин сен қайдан билесең?

- Өзиңди билмесликке салма, - деди Гүлбазар буўлығып, - жораларыңның көпшилигин барлығы жаз келиўден институт па, техникум ба, бәринен бурынғы дипломларын келисип алып, аз ғана өзгертип жазып берип жүр ғой!» [2:75].

Мине, саған Асан! Әсиресе буны Асанға айтқан Гулбазардың соңғы сөзлери менен салыстырғанда өзи жоқта үйине жат адамларды, қыз-келиншеклер менен мәс ер жигитлерди жыйнап, бәзим қурыўлары көз алдына елеслер еди. Сонлықтан да ол жоқарыдағы шешимли сөзлерди айтты. Сөйтип, усылайша жазыўшы-журналист диалоглық детальды шеберлик пенен ислетиў арқалы Асанның бойына питкен туўрылық пенен ҳақыйқатлықтың күшин, оның тез шешимге келиўшилик пейли-ықпалы психологиясын терең ашады.

Ҳүжжетлилик, яғный шығарма ўақыяларын прототипи турмыста бар қаҳарманлар тилинде (бас қаҳарман, яки ўақыяны айтып бериўши екинши дәрежели қаҳарман баянлаўшы тилинде) сүўретлеў арқалы дөретпеде сүўретленген турмыс ўақыялары менен қаҳарманлар образының исенимлилигин тәмийинлеў, усы жол арқалы шығармада сюжет ҳәм композиция қурыў, көркем тил поэтикасына ерисиў бағыты Ш.Уснатдиновтың Ғәрезсизликтиң соңғы он жыллығында жазылған «Соңғы аңшы», «Дәў кемпир» повестьлери менен «Ибрайым Юсупов» роман-эссесиниң поэтикалық қурылысынан да айқын сезилип турады. Мысалы, Ш.Уснатдинов «Соңғы аңшы» повестинде XVIII әсирдиң ақыры XIX әсирдиң басында жасап өткен Имам ийшанның урпағы Ҳаймаддин мақсымның реаль образы арқалы өткен әсирдеги тоталитар дүзимниң ел басқарыў сиясаты, динге, дин ийелерине болған мүнәсибет, қысымлар ҳәм қуўдалаўлар, жәмийет ҳәм жекке адам арасындағы қарама-қарсылық, соған қарамастан, өз динине исеним, миллий қәдириятына садықлық мәселелери ашып берилсе, екинши «Ибрайым Юсупов» роман-эссесиниң биринши китабында («Шайырдың жаслығы») XX әсир қарақалпақ поэзиясының үлкен байтереги, сүйикли Қаҳарман шайырымыз Ибрайым Юсупов образы арқалы инсанның әпиўайы индивид ҳалатынан кәмил инсан дөретиўши жекке тулға дәрежесине келиў жолы, эволюциясы шайыр ҳаққында биз билген ҳәм билмеген турмыслық бай ҳүжжетлик материаллар тийкарында қызығарлы ҳәм исенимли сәўлелениў табады.

Жоқарыда аты аталған шығармаларының ишинде Ш.Уснадиновты көркем прозаға көбирек жақынластырғаны «Соңғы аншы» повести ҳәм ондағы Хаймаддин мақсымның көп қырлы, терең сырлы көркем образы болды. Жазыўшының сүўретлеўинше, ол онша аўыл елдиң мерекесине араласа бермейтуғын, үйинде де бала-шағасы менен бир дастурхан әтирапында отырмайтуғын, диндарларға да қосыла бермейтуғын минези түсиниксиз, туйық адам, ҳәтте үй турмысындағы хожалық жумысларына араласпайды. Көбинесе түнде гезип жүреди. Уламаға жараспайтуғын аңшылық кәсиби менен шуғылланады, кәлпе болып қус тәрбиялап, тазы ийт сақлайды. Қаршыға қус ҳәм тазы ийт аңшылықта ең әҳмийетли жәрдемшилер есапланады. Оның қаршыға қусы жойтылып кеткенде, мақсым да өзин қолайсыз условайды. Арқасы көтерилип, көзине көринген адамды қамшысы менен сабалайды. Ири геўдели, турпаты келискен бул адамның сондай ерси қылықлары, түсиниксиз минези болыўына қарамастан, халыққа жақсылық тилеп, қудаға қулшылық қылыўдан өзин ҳеш тыймайды. Ҳәр күни таңда азан айтып, бес ўақлы намазын қаза қалдырған емес.

Повесть соңында ол еки рет ҳүкимет тәрепинен қолға алынып қамалып, оннан шыққаннан кейин, исенимин таза сақлап қалыў ушын өзин жәмийеттен аўлақ услайды, бир неше жыллар даўамында әкесиниң қойымшылығында тәркидүньяшылықта өмир сүрип, өлериниң алдында шаңарағына қайтып келеди ҳәм жан тапсырады.

Айырым әдебиятшылардың дурыс көрсеткендей, бул түсиниксиз адам образында атеистлик дәўирде жасаған уламаның трагедиялық ҳалаты ашып берилген. Усы ўақыялардың айырымларының гүўасы болған автор ўақыяларды баянлаўшы қаҳарман сыпатында сүўретленген ўақыяларға өз қатнасын билдиреди, яғный бул баянлаўшы қаҳарман образы автор образының повестьтеги кориниси болып табылады. Автор образы арқалы шығармадағы барлық қаҳарманлар образы бир пүтин эстетикалық системаға айланады, ол шығарма сюжетлик мотивлериниң бир композициялық бирликке

жәмлесиўин тәмийинлеп турады. Автордың усы ўақыя бөлекшелерине, оны келтирип шығаратугын қаҳарманлар образына болған мүнәсибети, көзқарасы антипатиясы, симпатиясы автор-баянлаўшы образының сыпатлы белгилерин келтирип шығарады. Себеби, баянлаўшы қаҳарман шығармада ҳәмийше қаҳарманлар арасында жүреди ҳәм олардың исҳәрекетлерине баҳа береди. Сонлықтан қыссагөй ўақыялардың раўажланыўы барысында қәлиплесип барады.

Повестьтеги Хаймаддин мақсым образына жәмленген қаҳарманның тийкарғы концепциясы совет дәўириндеги күшли идеологиялық гүрес дәўиринде тоталитар режимниң күшли басымына ушыраўына қарамастан, өзлигин аңлаўға умтылып, өз қәдриятларын сақлап қалыўға умтылған, өз исимине садық қалған характерди нәзерде тутады. Бурынғы аўқам дәўириндеги идеологияның қысқысына ушыраған қаҳарман образлары сәўлелендирилген шығармалар қарақалпақ прозасында аз да болса жаратылды. Лекин, бул дөретпелерде конфликттиң кескинлесиўи менен шығармада сәўлеленген идеяны жеткерип берилип қаҳарманның жәмийет пенен, өз-өзи менен гүреси кескин ўақыялар, ҳәрекетлер, яки болмаса терең руўҳый кеширмелери арқалы берилетуғын болса, Ш.Уснатдиновтың «Соңғы аңшы» повестиндеги Ҳаймаддин мақсым образында сәўленген қаҳарман өз исенимине садықлығын қандай да кескин ҳәрекетлерге тийкарланған гүрес жолы менен емес, ал, жәмийеттен, бул дүньялық инәмлардан өзин тыйып, тәркидүньяшылыққа бағышлаў арқалы ишки протест жолы менен дәлиллейди. Шығармадағы қыссағөй образы конфликттиң усындай шешилиўине тиккелей тәсир күшине ийе. Буны төмендеги мысалдан көриўимизге болады: «…Хаймаддин мақсым өз кеўлинде, ишки сарайында бул кетиўин не деп атағанын Мурат билмейди. Ҳақыйқатында да, ол киси ҳеш нәрсе деместен, Пәрўәрдигар алдында мойнына миннетлеме жүклеместен, өзи жасаған орталық,  заман ҳәкимшилиги менен келиспей, дин жолында басының, руўҳынын азатлығын қорғап кеткен болыўы керек» [3:72].

«Соңғы аңшы» повестинде жазыўшы дүньяқарасы ҳәм автор-баянлаўшы образының өзине тән үйлескенлигин көремиз. Автор турмыслық ўақыяларды ҳәм олардан алған сабақларының тәсирлерин қайта талқылап, көркем образлы ой синтезинен өткерди. Бунда автор-баянлаўшы менен теңдей ўазыйпаны атқарған параллель баянлаўшы Мурат Иймаматдинов образынан пайдаланады. Ўақыялар еки қаҳарман тилинде ҳәм тең параллель тәризде баянланады. Гейде бир эпизод, яки ўақыяны баянлаў барысында Мурат пенен автордың пикирлери араласып келеди. Бул халат повесть композициясының да өзине тән сыпатын тәмийинлеген.

Повестьтеги ўақыялардың басланыўына түртки болған дәслепки эпизод Мурат Иймаматдиновтың жол бойында салы жыйын-териминдеги жигитлерге ҳармасын айтыўға иркилгенинде, салы орып атырған комбайннан қашқан қырғаўылларды атып алып жүрген мылтық асынған жигитлерди көриўи ҳәм соңғы мәртебе өмиринде ҳақыйқый аңшыны көргенлигин еске түсириўи повестьтеги тийкарғы ўақыялардың раўажланыўына себеп болады.

Повесть композициясы ретроспектив тәризде қурылған болып, Мурат Иймаматдиновтың еске түсириўлери оның тийкарғы сюжетлик ағымын шөлкемлестиреди. Мурат Иймаматдинов образы белгили дәрежеде баянлаўшы образының да ашылыў бағдарында үлкен әҳмийетке ийе екенлигин биз жазыўшының повестьтеги барлық ўақыяларға болған қатнасын усы образдың руўҳый ҳалатына, кеширмелерине, толғаныслярына сәйкеслендирип бериўге ҳәрекет еткенлигинен де көриўимизге болады. Жазыўшы Хаймаддин мақсым образындағы өз исенимине садықлық жолында көп нәрселерден ўаз кешиўге таяр характерин жаратыўда, оның характериниң бир неше қырларын көрсетип бериўде де усы қаҳарман Мурат Иймаматдинов образына тийкарғы ўазыйпаны жүклейди.

Повестьте қыссағөй ўақыяларды  баянлаўшы сыпатында қалғаны менен, шығарма қаҳарманы яки ондағы ўақыяларға қатнасын Мурат Иймаматдинов арқалы жеткерип береди. Мысалы: «…Ол бәрҳама усы жерде жасады ма, ямаса басқа да орны болды ма, билмеймен. Оның анығын тек баласы Найым ғана биледи. Бизиң билетуғынымыз-Мақсым атам өмирин усы жерде өткерген жыллары өзин пүткиллей мусылманшылыққа арнап, ҳүкимет пенен дүгиспей жасады. Ол «Дөңгелек көл»ден шығып кеткеннен кейин, қандай жағдайда да, ҳәттеки мүсийбетте де қайтып бул әтирапта көринген емес. Бундай шыдамы беккем, пикиринен қайтпайтуғын адамды көрген емеспен…» [3:74].  Демек, повестьтеги қыссағөй образының ашылыўында барлық ўақыялардың қыссағөй менен параллель баянлаўшысы сыпатында Мурат Иймаматдинов ҳәрекет етеди.

Әдетте, баянлаўшы образында көбирек жазыўшының кеширмелери сәўлеленеди. Сонлықтан, повесть қаҳарманлары ортасындағы өзара гүреслер қайсыдур дәрежеде баянлаўшының «өз-өзи менен ишки гүреси»ниң сәўлелениўи де болып табылады. Биз сөз етип отырған повестьте де қаҳарман Хаймаддин мақсымның яки басқа да қаҳарманлардың жәмийет, турмыслық мәселелердеги конфликтлери повестьтеги баянлаўшы образының қәлиплесиўине тәсирин жасаған. Психологиялық аспекте алып қарайтуғын болсақ, Хаймаддин мақсым яки оның перзенти Найматдинниң ишки кеширмелериндеги толғаныслары менен руўхыятындағы гүйзелислерине авторлық эмоционал мүнәсибет баянлаўшы образының да сәўлелендирилиўи болып табылады.

«Соңғы аңшы» повестинде баянлаўшы образының жаратылыўында қаҳарманлардың психологиялық конфликтлери яки руўхый толғаныслары тийкарындағы ўақыяларға қатнасы айқынласып қалмастан, тиккелей баянлаўшының өзи тәрепинен қаҳарман яки ўақыяларға қатнасы да ашық сәўлелендирилген орынлар ушырасады. Мысалы: «…Арадан көп өтпей аўыл арасы «дүр-р-р» ете қалды. «Хаймаддин мақсымның үйине зыяратлап, Түркстаннан үлкен улама келипти» десе, және биреўлер: «Тап Ахмед Яссаўий бабаның өзи жиберипти» деп, ўақыя ҳәўиж ала келе  «Улама болып келген Хизир ата қусайды» дегенге усаған гәплер тарқап, бара-бара әпсанаға айлана берипти. Булардың бәри Қасым шер қусаған ислам дининиң душпанлары ушын үлкен азық еди…» [3:81].

Повестьтеги автор-баянлаўшының болып өткен ўақыяларға усы сыяқлы қатнасын билдирип кетиўи жазыўшының кемшилиги емес, ал керисинше шығармадағы келеси раўажланыўы күтилип турған ўақыяның басламасы сыпатында сюжетлик-композициялық байланыстырыўшылық әҳмийетке ийе болған изленеси сыпатында хызмет атқарған.

Көрип отырғанымыздай, бул еки повестьтин де бас қаҳарманлары турмыста ҳақыйқый болған уллы тулғалар. Олардың тәрийплери менен ис-ҳәрекетлери де турмыста ҳақыйқый болған ўақыялар негизинде сәўлелениў тапқан. Бирақ, бул стиллик бағыт шығармалардың көркемлигине ҳеш қандай нуқсан келтирмей, керисинше сәўлеленген ўақыялардың исенимлилигин тәмийинлеўши өз алдына поэтикалық усыл сыпатында қәлиплесиў таба баслаған. Буны биз жоқарыда аты аталған дөретпе қаҳарманлары образының жасалыў концепциясындағы қаҳарманлардың өмирди жетискенлик ҳәм кемшиликлери, барлық қарама-қарсылықлары менен қабыл етиў, турмыслық ҳәм иләҳий-философиялық ҳақыйқатлықларды терең түсиниў, өз исениминиң, жақсылық ҳәм пәклик туйғыларының қәдирине жетиў, инсаный парызлар алдындағы жуўапкершилигин жекке мәплеринен жоқары қойыў усаған ағла пазыйлетлериниң ҳәр қыйлы сүўретлеў усылларында көркем тил арқалы шебер сәўлелениўлеринен айқын сеземиз.

Ш.Уснатдинов, мине, усындай дөретпелери арқалы XX1 әсир басындағы қарақалпақ прозасы тарийхына жаңа стильлик бағыт жаратқан жазыўшы сыпатында мәрдана кирип келди. Сол ушын да оның бул дөретпелери келешекте өз алдына изертлеўлерди талап етеди.

Улыўма, Ш.Уснатдинов ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ прозасына еркинлик ҳәм азатлық, миллий тиклениў ҳәм раўажланыў дәўириниң нәпесин алып кирген миллийлигимиз тымсалы муҳаддес инсанлар келбетин дөреткен қәлеми өткир көркем сөз шебери болып табылады.

**Әдебиятлар**

1. Жәниев С. Қарақалпақстан журналистикасының прорабы. / «Еркин Қарақалпақстан», 27-март 2012.
2. Уснатдинов Ш. Кимге кеш, кимге таң сәҳәр…Повесть. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2002.
3. Уснатдинов Ш. Соңғы аңшы. Повестьлер. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2014.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада таниқли публицист ёзувчи Ш.Уснатдиновнинг «Кимга кеч, кимга тонг сахар», «Сўнгги овчи» повестлари тадқиқот объекти сифатида олиниб, ёзувчининг бадиий публицистика мактаби орқали қорақалпоқ прозасига кириб келиши

йўллари, ўзига ҳос тасвирлаш усуллари, қаҳрамонлар образларини яратишдаги бадиий изланишлари билан маҳорати кенг талқин қилинган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье в качестве объекта исследования были взяты повести «Кимга кеч, кимга тонг сахар», «Сўнги овчи» известного публициста-писателя Ш.Уснатдинова. Анализируется каким образом писатель вошёл в каракалпакскую прозу через художественную школу публицистики, своеобразные индивидуально-авторские способы описания, художественно-изобразительные поиски и мастерство в создании образов героев.

**SUMMARY**

The object of the article is the stories «Whom it's late, whom it's a dawn», «The last hunter» by the famous writer-publicisth Sh.Usnatdinov. There have been analyzed haw the writer entered the Karakalpak prose through the artistic publicistic school, the author's individual ways of deseription, artistic search and shill in the creation of heroes' images.

## ТӨЛЕПБЕРГЕН ҚАЙЫПБЕРГЕНОВТЫҢ ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕ ИНСАН КОНЦЕПЦИЯСЫ ТИПОЛОГИЯСЫ

**М.Д.Бекбергенова** – *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар**: образ, ҳикоя, повесть, роман, инсонийлик, поклик, фидойилик.
**Ключевые слова**: образ, рассказ, повесть, роман, человечность, чистота, преданность.
**Key words**: image, story, story, novel, humanity, purity, devotion.

XX әсир қарақалпақ әдебиятының ири тулғасы, Өзбекстан Қаҳарманы Төлепберген Қайыпбергенов өз көркем дөретпелери менен дүнья халықларына аты танылған прозаик.

Т.Қайыпбергенов өзиниң гүрриңлери, повестьлери, романлары ҳәм драмалық, публицистикалық шығармалары менен XX әсир қарақалпақ әдебиятының раўажланыўына салмақлы үлес қосты. Оның көркем дөретпелери өзбек, рус, қазақ, түркмен, қырғыз, украин, молдаван, эстон, инглис, поляк ҳәм басқа да тиллерде басылып шықты.

Т.Қайыпбергенов XX әсирдиң 50-жылларының екинши ярымынан баслап қарақалпақ прозасында аты мәлим бола баслаған жазыўшы. Жазыўшының «Секретарь», «Муғаллимге рахмет», «Суўық тамшы», «Уйқысыз түнлер», «Тәнҳә өзиңе мәлим сыр» повестьлери, «Соңғы хүжим», «Қарақалпақ қызы», «Қарақалпақ дәстаны», «Көздиң қарашығы», «Қарақалпақтың өз қалпағы менен сырласыўы» дәстүрий романлары менен «Қарақалпақнама», «Қарақалпақпан. Тәўекелшимен», «О дүньядағы атама хатлар» роман-эсселери ҳәм «Фамилия», «Айдос баба», «Саҳра бүлбили» сыяқлы драмалық дөретпелери бар.

Қарақалпақ әдебиятын раўажландырыўға қосқан үлеслерин баҳалап, жазыўшы Т.Қайыпбергеновқа Қарақалпақстан халық жазыўшысы (1974), Өзбекстан халық жазыўшысы (1993), Бердақ атындағы (1967), Ҳамза атындағы (1971), Махмуд Қашғарий атындағы (1995), Михаил Шолохов атындағы (2004) мәмлекетлик ҳәм халықаралық сыйлықлардың лауреаты атақлары берилди. Ол 2003-жылы Өзбекстан Қаҳарманы болыўға миясар болды.

Т.Қайыпбергеновтың дөретиўшилиги бойынша ҳәр түрли аспектте илимий изертлеўлер исленди. Оның дөретиўшилиги бойынша академик М.К.Нурмухамедов, филология илимлериниң докторлары Қ.Мақсетов, Қ.Султанов, З.А.Насруллаева, Қ.Камалов, С.Баҳадырова, К.Алламбергенов, филология илимлериниң кандидатлары Ж.Нарымбетов, Т.Қурбанбаева, Ә.Қожықбаев ҳәм т.б. илимий мийнетлери бар.

Жазыўшы Т.Қайыпбергенов XX әсир қарақалпақ миллий прозасына айтарлықтай дәрежеде салмақлы үлеслер қосып, раўажландырыў менен бирге, қарақалпақ әдебияттаныў илиминиң баслы бағдардағы изертлеў объекти болды. Жазыўшының прозасы илимий жумыслардың орайы болыўға турарлық. Жазыўшының дөретиўшилиги, өзбек, қырғыз, рус әдебиятшылары тәрепинен де жоқары баҳаланды. Ш.Айтматов, А.Арипов, Ә.Якупов, З.С.Кедрина, П.Шермухамедов, М.Ломунова ҳәм т.б. Т.Қайыпбергеновтың ири прозалық дөретпелерине ҳәм оның жаратқан образларына өзлериниң пикирлерин билдирген.

Т.Қайыпбергенов өзи жасаған, XX әсирдиң барлық тарийхый басқышларының гүўасы болған. Соның ушын да ол көркем дөретиўши сыпатында өткен бурынғы аўқамның тарийхый ўақыяларын өз шығармаларында сәўлелендирмеўи мүмкин емес еди. XX әсирдеги қарақалпақ халқының тарийхы, басынан кеширип өткен турмысы бойынша жазылған «Секретарь», «Муғаллимге рахмет», «Уйқысыз түнлер», «Суўық тамшы», «Соңғы хүжим», «Қарақалпақ қызы», «Көздиң қарашығы», «О дүньядағы атама хатлар» сыяқлы повесть ҳәм романлары бул тарийхый дәўирдиң талапларына жазыўшының берген жуўаплары еди.

Т.Қайыпбергеновтың дөреткен көркем образлары Атамурат, Жийемурат, Жумагүл, Турымбет, Маман бий, Айдос бий, Ерназар алакөз, Аманлық, Алмагүл ҳәм т. б. ҳақыйқатлық жағдайлардан жаратылған реалистлик образлар болғаны ушын да көркем әдебият сыншылары тәрепинен ҳәр түрли баҳаланып, тартыслы пикирлерди де туўдырған. Егер де, жазыўшының дөреткен образлары турмыстан алынбаған жасалма тулғалар болғанда, баспа сөзде ҳеш қандай пикир айтылмаған да болар еди. Ҳақыйқатында да, жазыўшы Т.Қайыпбергеновтың дөретиўшилик шеберлиги соннан ибарат - оның жаратқан ҳәр бир образы, ҳәр бир характери оқыўшылар ҳәм әдебият сыншылары арасында барлық ўақытта басқа қарақалпақ прозаиклерге усамайтуғын өзгеше бир «сырлы жумбақ» туўдырды, көплеген пикир таласларының келип шығыўына себепши болды. Бул жазыўшыдағы ой-пикирлердиң тереңлигинен, жазыўшылық көркем шеберлигинен дерек беретуғын құбылыс.

Т.Қайыпбергеновтың қарақалпақ жазыўшысы сыпатында бизиң әдебиятымызға алып келген ири үлеси ҳәм жаңалығы - қарақалпақ халқыныңески тарийхын биринши болып көркем әдебиятта, соның ишинде прозаның ири формасы болған романда жаратты. Дүнья әдебияты тарийхы менен салыстырғанда Т.Қайыпбергеновтың қарақалпақ халқының тарийхын кең формада көркем сөзде жаратып, қарақалпақ тарийхый романына тийкар салыўдағы хызмети XIX әсир Батыс Европа әдебиятындағы Вальтер Скоттың, XIX әсирдеги рус әдебиятындағы Лев Толстойдың, XX әсир ҒМДА халықлар әдебиятындағы А.Толстой, Айбек, М.Аўезов көркем әдебияттағы орынлары менен бир қатарда турады. Т.Қайыпбергенов «Қарақалпақ дәстаны» трилогиясын дөреткени ушын бурынғы Аўқам мәмлекетлик сыйлығының лауреаты болды. Жазыўшы Т.Қайыпбергенов Маман бий, Айдос бий, Қумар аналық ҳәм басқа да қаҳарманлардың образларын жоқары дәрежедеги көркемлик-шеберлик пенен дөреткен. Т.Қайыпбергеновтың усы тарийхый трилогиясындағы айырым эпизодлар ҳәм қаҳарманлар ҳаққында халық арасында түсинбеўшилик пикирлер болған. Бизиң пикиримиз бойынша, жазыўшы Т.Қайыпбергенов бул образлар менен эпизодларды өз халқын масқаралаў ушын емес, ал, керисинше ата-бабаларымызды улығлаў, тарийхтың аўыр, қыян-кески келбетин ашып бериў мақсетинде өз шығармаларында утымлы қолланылған. Бундай сыпатлы белгилерди көркем әдебият теориясында жазыўшының шеберлик машқаласына байланыстырады. Жазыўшы бундай бизиң әдебиятымыз ушын дәстүрий емес «ерси» сүўретлеўлер арқалы қарақалпақ халқы басынан сондай аўыр турмысты өткерсе де урыс, апатшылық, жоқшылық, теңсизлик, ашлық, әбигершилик ақыбетлерине дуўшакер болса да, ҳәттеки, айырым адамлар туўысқанларын жойтып алыў, танымай кетиў жағдайларына гириптар болса да, халық барлық ўақытта өзиниң халықлығын, миллий салт-санасын, ар-намысын, миллий генефондын таза сақлап қала алған. Бул халық усынысы менен ҳасылзада ҳәм батыр халық деген пикирди көркемлеп айтпақшы болады.

Әдебияттаныў илиминде характерге мынандай анықлама берилген: «character» - грек тилинен алынған болып, белги, өзгешелик деген мәнисти билдиреди, яғный әдебий характер- бул көркем шығарманың мазмун ҳәм формасының өзгешелигин белгилейтуғын көркем сөз өнериндеги инсанның сүўретлениўи [6: 241].

Әлбетте, әдебияттағы қаҳарман характери турмыстағы адам характеринен мәлим дәрежеде ажыралып турады. Жазыўшы характерди дөрете отырып, онда ҳақыйқый реаль тарийхый адамның белгилерин сәўлелендириўи мүмкин, бирақ,

## M A Z M U N Í


**BAS REDAKTOR MINBERI**

**Алламбергенов К.** Президентга мактуб ёки бугун Орол-Мўйноқ бўстонга ўхшар ………… 3

**TÁBIYIY HÁM TEXNIKALIQ ILIMLER**

**Biologiya**

**Сапаров А.Д., Мирабдуллаев И.М.** Коловратки семейства brachionidae ehrenberg, 1838 фауны Узбекистана: роды *keratella*, *platias, plationus, notholca*, *anuraeopsis* ………… 4

**Ekologiya**

**Нурланов А.С., Джақсымуратов К.М., Гайпова Р.Т.** Аралбойы регионында экологиялық машқалалардың қәўипсизлигин тәмийинлеў мәселелери ………… 6

**JÁMIYETLIK HÁM EKONOMIKALÍQ ILIMLER**

**Ekonomika**

**Kosnazarov S.T., Jumamuratov R.E., Artikov M.B., Ko'chkinov D.K.** Navoiy kon-metallurgiya kombinati ………… 8

**Filosofiya**

**Абдиев Б., Мамбеткаримов Р., Бийимбетов Ж.** Ибрайым Юсуповтың гуманизм идеялары ҳәм оған философиялық анализ ………… 9

**Усенов Ж. У.** Жаслар миллий менталитетин қәлиплестириўде халық даналығынан пайдаланыў – философиялық тәрбияның тийкары ………… 10

**Ruwqíylíq tiykarlarí**

**Шерниязова Г.** Пуқаралық жәмийети раўажланыўында миллий үрп-әдет ҳәм дәстүрлердиң роли ………… 12

**Tariyx**

**Абдуллаев У.И.** Ўрта осиёда бронза даврида миграциялар ва этномаданий жараёнлар ………… 14

**Boliev U.** «Sharq taronalari" xalqaro musiqa festivalining ijtimoiy ahamiyati ………… 16

**Пазылов М.** Айдос бий ким болған, ямаса халық аңыз әпсаналарының тарийхый шынлыққа қатнасы мәселеси ҳаққында гейпара ойлар … 17

**Rzaeva J.K.** Cognitive and educational importance of the principles in guiding by Amir Temur ………… 19

**TIL BILIMI HÁM ÁDEBIYATTANÍW**

**Til bilimi**

**Алламуратов Г.А.** К истории изучения символа как филологического явления ………… 21

**Досжанова Г.Д., Усенова Қ.** Қарақалпақ тилиндеги текст ҳәм оның түрлери ………… 22

**Хўжаниёзов Э.** Илмий услуб услубий белгиларининг сўз бирикмаси сатҳида ифодаланиши (атрибутив бирикмалар мисолида) ………… 24

**Ибрагимов Ю.М.** Тил ва маданият муштараклигининг метафорик маъноларда ифодаланиши ………… 27

**Курбанбаева Д.М., Курбанбаева Д.М.** Инглис ҳәм қарақалпақ тилинде gender/жыныс (ер -ҳаял) түсиниклериниң грамматикалық ҳәм лексика - семантикалық билдирилиўи ………… 29

**Ádebiyattanıw**

**Алламбергенов К., Сагидуллаева З.Б.** Ҳәзирги повестьлерде миллийлигимиз тымсалы муҳаддес инсанлар келбети (Ш.Уснатдинов повестьлери мысалында) ………… 32

**Бекбергенова М.Д.** Төлепберген Қайыпбергеновтың дөретиўшилигинде инсан концепциясы типологиясы ………… 36

**Ержанова Д.К.** И.Юсупов поэмаларында метонимиялардың қолланылыўы ………… 37

**Жаксымова У.Ж.** Қарақалпақ дәстанларының изертлениў мәселелери («Юсуп-Ахмет» дәстаны мысалында) ………… 39

**Кенесбаева Ш.** Қарақалпақ халық дәстаны «Шәрьяр»дың сюжетлик қатламлары ………… 41

**Мамбетов Ж.Қ.** «Жәҳанша» дәстанының өзине тән өзгешеликлери ………… 44

**Mamirbaeva D., Aymanova Sh.** Discursive features of textual analysis of I.Yusupov's poetry translation ………… 46

**Otarbaeva F.** T.Jumamuratovtiń poeziyasínda watan, ana topíraq temasíníń úwretleniwi ………… 48

**Палымбетов К.С.** Қарақалпақ халық дәстаны «Қоблан»: жыйналыў, басып шығарылыў ҳәм изертлениў тарийхынан ………… 49

**Sársenbaev Q.** M.Nízanov shígarmalarínda frazeologizmlerdiń morfologiyalíq bildirliwi ………… 51

**Сейтбеков А.Б.** К.Рахманов дөретиўшилигинде әдебий түрлер синтези ………… 52

**Утамбетова А.Ж.** Вопросы изучения исторических дастанов поэта Бердаха ………… 55

**Шержанова Ф.К.** Трагедия жанрында сюжет ҳәм конфликт (К.Рахмановтың «Жаралы жүреклер» трагедиясы тийкарында) ………… 58

**PEDAGOGIKA. METODIKA. INNOVACIYA**

**Abdullaev A., Komilova R.** Tekstli máseleler ushin kompyuterli modeller dúziw metodikasi ………… 60

**Алеўов Ў., Байдуллаев А.С., Рахманова А.А.** «Moodle lms» масофавий ўқитиш тизимидан талабалар мустақил таълимини ташкил этиш 61

**Алламбергенов И., Нурымова Н.** Академик лицей-университет тизимида анализ асосларини ўқитишда комплекс метод ва унинг узвийликни таъминлашдаги аҳамияти ………… 63

**Алламбергенова М.Х., Мадаминов У.** Компьютер графикасини ўқитишда embarcadero дастурлаш тилидан фойдаланиб 3d график объеклар яратиш ………… 65

**Ашурова Ф.Л.** Талабалар билимини баҳолашнинг мақсади ва вазифалари ………… 67

**Балтабаев Ж.О.** Меҳнат таълими ўқитувчиларини тайёрлашда интерфаол ўқитиш усулларидан фойдаланиш услублари ………… 68

**Баўетдинов Р.А.** Класстан тыс жумысларда үлке материалларынан пайдаланыўдың тәлим –тәрбиялық әҳмийети ………… 70

**Ешимбетов О.** Қорақалпоқ синфларида ўқувчилар нутқини ривожлантириш омиллари ………… 72

**Ганиев Т.С.** Оқыўшыларда тарийхый билимлерди қәлиплестириўде инновациялық технологиялардың орны (VI класс мысалында) …… 74

**Хожимирзаев А.Д.** Жисмоний тарбия дарслари ва синфдан ташқари машғулотларнинг эстетик жиҳатлари ва унинг гўзаллик мезонлари 75

**Jammatov J.Sh.** Umumiy o'rta ta'lim maktab o'quvchilarini tabaqalashgan jismoniy tarbiya ta'limi texnologiyasi ………… 77

**Жиемуратова Г.** Австралия материгин оқытыўда интерактив методлардан пайдаланыў усыллары ………… 78

**Kaipbergenova F.T.** Information technologies in english classes ………… 80

**Кенжаева Д.Т., Йўлдошева Ф.** Мактабгача таълим муассасаси фаолиятини ташкил этишда тарихий тажриба ва замонавий маданият уйғунлиги ………… 82

**Кенжебаева С. С.** Олий таълим тизимида бўлажак мусиқа фани ўқитувчиларининг креатив таълимини ташкил этишнинг педагогик имкониятлари ………… 83

**Махмудов А.А.** Олий ўқув юртларида умумий физиканинг "атом моделлари" мавзусини маъруза дарсларида ўқитиш методикаси ………… 86

**Матжанов Ж.М.** Бошланғич тайёргарлик босқичида 11-12 ёшли боксчиларнинг базавий техник тайёргарлиги ………… 88

**Omanqulova Sh.N.** Modulli ta'lim texnologiyasi asosida bo'laj'ak musiqa o'qituvchilarining kasbiy kompetentligini takomillashtirish ………… 90

**Oripova N.X., Ashirova S.B.** Bolalar dunyoqarashini shakllantirishda "bolajon" telekanalining o'rni va ahamiyati ………… 91

**Рихсибаева Х., Калликлишев Ш.** Тўғри бурчакли параллел проекциялашнинг тўғри бурчакка оид хоссаси исботига ижодий ёндашув …. 93

**Ruzmetov N.K.** 1-4 sinf jismoniy tarbiya darslarida o'quvchilarning koordinatsion qobiliyatlarini rivojlantirishda ta'sir etuvchi omillar ………… 95

**Сейтмуратов Қ., Бойтураев Т.** Шарқ алломаларининг жисмоний тарбияга оид қарашлари ………… 96

**Tleumuratova N.M.** Orta bilim beriw mekteplerinde qaraqalpaqstan tariyxi páninde oqiwshilarǵa tariyxiy bilimlerdi qáliplestiriw usillari hám áhmiyeti ………… 97

**Утебаев Т.Т.** Қарақалпақстанда ғәрезсизлик жылларында педагогика илиминиң раўажланыўы ………… 99

**Зайниддинов Т.Б.** Дидактические возможности эстетического воспитания учеников начальных классов с помощью национальных подвижных игр ………… 100

**PSIXOLOGIYA**

**Делов Т.Э.** Психологические и технологические проблемы повышения эффективности школ, специализирующихся на обучении талантливых детей ………… 102

**Djumaniyozova M.X.** Shaxsda diniy dunyoqarashni vujudga keltiruvchi psixologik omillar ………… 104

**Каландарова М.Б.** Оилада репродуктив хулқнинг психологик жиҳатлари ………… 107

**Уразбаева Д.А.** Онкологик беморларда касалликнинг ижтимоий таъсирини субъектив баҳолаш масаласининг муҳимлиги ………… 108

**USTAZLAR SHEJIRESI**

**Қурамбаев К.** Таниқли олим ва устоз муаллим ………… 111